Sèt Etap Pou Mete yon Respiratè Kòrèkteman nan Travay Ou

Suiv etap sa yo ki senp ap ede ou pou byen mete epi retire respiratè ou la, epi yap kenbe ou ak tout lòt moun an sekirite.

1 Lave Men W



Lave men ou avèk savon ak dlo oswa dezenfektan ki gen alkòl ki gen omwen 60% alkòl.

2 Enspekte Respiratè a



Verifye ke respiratè a pa domaje. Si li sanble domaje oswa mouye, pa itilize li.


Mete yon Respiratè



Mete respiratè a nan men ou epi kenbe pati kap kouvri nen ou an avèk pwent dwèt ou epi fil yo ap pandye anba men ou.



Kouvri bouch ou ak nen ou avèk respiratè a, epi asire w pa genyen okenn espas (tankou bab, cheve, ak linèt) ant figi ou ak respiratè a.



Pase fil la sou tèt ou epi repoze li pa dèyè tèt ou. Si ou gen yon dezyèm fil, mete anba fil la nan kou ou ak anba zòrèy ou. Pa kwaze fil yo.



Si resipratè ou a gen yon klip metal nan nen an, itilize pwent dwèt ou yo ak tou de men ou pou ou ka fè zòn nen an pran fòm nen pa ou.

4 Ajiste Respiratè a



Plase tou de men ou sou respiratè a. Rale souf ou byen vit epi lage souf ou. Si ou santi souf ou kite respiratè a vit, ajiste pati ki nan nen w lan; si sa fèt arebò respiratè a, reajiste fil yo.



Repete jiskaske ou byen sele li. Si ou pa kapab byen sele li, eseye yon lòt respiratè.

6 Mete Respiratè a



Evite manyen respiratè a pandan wap itilize li. **Si ou fè sa, lave men ou.**

Remak: Si ou re-itilize respiratè w la, mete gan lè wap enspekte ak mete respiratè a. Evite manyen figi ou (ki gen ladan je ou, nen ou, ak bouch ou) pandan pwosesis la.

6 Retire Respiratè a



Lave men ou.



Retire respiratè a pa dèyè. Pa manyen devan an.

7 Jete Respiratè a



Si respiratè a pa bezwen re-itilize akoz mankman nan pwovizyon yo, jete l nan yon poubèl ki fèmen. Lave men w.

Pou plis enfòmasyon, gade videyo rapid sa, "Mete epi Retire yon Mask". ▶

